ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ВАЗИРЛАР КЕНГАШИНИНГ
ФАРМОЙИШИ

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ МИНИСТРЛЕР КЕҢЕСИНИҢ
БИЙЛИГИ

Нукус шаҳри | Нөкис қаласы

№ 72-б «2» апрель 2018 й.

**Қарақалпақстан Республикасы аймағында жылытыў мәўсиминиң тамамланыўын белгилеў ҳаққында**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2018-жыл 22-марттағы 01-01/5-894-санлы, Ден саўлықты сақлаў министрлигиниң 2018-жыл 24-марттағы 01-02/168-санлы хатларын ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Гидрометеорология басқармасының 2018-жыл 27-марттағы 120-санлы хатындағы күтилип атырған ҳаўа райы туўралы мағлыўматын инабатқа алып, ҳаўа райының жылыўына байланыслы, тутыныўшыларға жеткерилип берилетуғын тәбийғый газды үнемлеў ҳәм оннан пайдаланыўды тәртиплестириў мақсетинде:

1. Қарақалпақстан Республикасы аймағында барлық түрдеги тутыныўшылар ушын 2018-жыл 6-апрельден баслап жылытыў мәўсиминиң тамамланыўы белгиленсин.

2. Қарақалпақстан Республикасы Үй-жай коммунал хызмет көрсетиў министрлиги (Р.Сеитов), «Қарақалпақстан газ» филиалы (А.Қудайназаров), «Қарақалпақ аймақлық электр тармақлары кәрханасы» АЖ (З.Керимзатов), Халық билимлендириў министрлиги (А.Аяпов), Мектепке шекемги билимлендириў министрлиги (Ж.Уснатдинова), Ден саўлықты сақлаў министрлиги (Д.Ходжиев), Орта арнаўлы, кәсиплик билимлендириў басқармасы (П.Сейтмуратов), министрликлер, ведомствалар, кәрханалар, қала ҳәм районлар ҳәкимликлери 2018/2019 жыллар жылытыў мәўсимине объектлерди таярлаў жумысларының өз ўақтында әмелге асырылыўын тәмийинлесин.

3. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2017-жыл 13-октябрьдеги 252-б санлы бийлиги өз күшин жойтқан деп есапланcын.

4. Усы бийликтиң орынланыўын қадағалаў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары С.Нағметовқа жүкленсин.

**Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы** — К.Сариев

UMUMIY BO'LIM
ULIWMA BO'LIM